*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№86 (26538)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 20 май – зæрдæвæрæны мæйы 20 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ЕРЫСТÆ
*Хъæбатыры кадæн*

3 АХЪУЫДЫЙАГ
*Ирон дин æмæ ивддзинæдтæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Лæгæй-лæгмæ тохтæ*

Фембæлд

# Президенты фонды юбилейы кадæн

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Культурон хъæппæристы президентон фонды 2026 азы грантты дыккаг конкурсы цæгат-ирыстойнаг уæлахиздзаутимæ. Фембæлд арæзт æрцыд Фонды фондзазон юбилейы кадæн.**

Ацы аз 42 бавдыстæй æххуыс райстой 8 проекты – ацы бæрæггæнæнмæ гæсгæ нæ республикæ Цæгат Кавказы федералон зылды субъектты 'хсæн бацахста фыццаг бынат. Æмткæй райсгæйæ, гранты хуызы фæрæзтæ сты 24,5 милуан сомы.

Сергей Меняйло зæрдиаг арфæ ракодта Культурон хъæппæристы президентон фонды 2026 азы грантты дыккаг конкурсы уæлахиздзаутæн.

– Гранттæ райсын сæйрагдæр нæу. Нæ культурæйы рæзтæн, йæ парахат кæнынæн, уыимæ, фæсивæды 'хсæн хъæппæристæ уæм кæй фæзыны, сæйрагдæр уый у. Фæуæлахизуæвдджыты 'хсæн ис нæ адæмы истори æмæ традицитæ бахъахъхъæнынмæ арæзт проекттæ. Нæ адæмы равзæрд, нæ фыдæлтæй нæм цы æвидигæ хæзнатæ æрхæццæ сты, уыдон арæхстгай бахъахъхъæнын, историйы сыфтæ «райгас» кæнын, абоны фæлтæрты æргом сæм раздахын, цымыдисагæй сæ равдисын у вазыгджын æмæ арф темæ. Æхсызгон у, уыйбæрц хорз æмæ пайдайаг проекттæ царды уагъд кæй æрцæуыдзысты Цæгат Ирыстоны сымах руаджы æмæ Культурон хъæппæристы президентон фонды æххуысæй. Сымах сахъ фæсивæд стут, арфæ уын кæнын! – загъта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.

Культурон хъæппæристы президентон фонды Дзæуджыхъæуы проектон офисы разамонæг **Байаты Лолæ** куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фæуæлахизуæвæг проекттæй дыууæ баст сты архитектурæйы къабазимæ, уый та уæлдай æхсызгондæр у, уымæн æмæ 2026 аз нæ субъекты Сæргълæууæг Цæгаг Ирыстоны расидт Архитектурæйы аз.



Фембæлды архайджытæ радзырдтой сæ проектты, стæй конкурсы архайыны фæлтæрддзинады тыххæй, республикæйы Сæргълæууæджы базонгæ кодтой сæ дарддæры пълæнттимæ.

Культурон хъæппæристы президентон фонды æххуыс гранттæн 2026 азы Цæгат Ирыстоны лæвæрд æрцыд æхсæнадæмон театралон фестиваль «Æртæ сæйраг сахары», «Дзæуджыхъæуы историйы куырдадзы цагъд сыфтæ», Мыстулаты Иринæйы номыл кавказаг фæндырæй цæгъдыны æхсæнадæмон конкурсæн, Æхсæнадæмон сæрысæйраг (аутентичный) кинойы фестиваль «Алани», литературон-сфæлдыстадон проект «Алани. Уый мæ зæхх у», сывæллæтты патриотон киноныв «Хъазахъхъæгтæ-стигъджытæ», культурон бынтæ бахъахъхъæныны проект «Дур, бынат, адæймаг – æмхуызондзинады æртæ сывæлдæджы (фæлтæры)» æмæ этно-центр «Фыдæлты хæдзар»-æн.

Ацы аз Культурон хъæппæристы президентон фонд сбæрæг кæндзæн йæ фондзазон юбилей. Уыцы рæстæг Цæгат Ирыстонæй гранттæ райсыны конкурсты архайдтой 395 командæйы, 47 проекты систы уæлахиздзаутæ æмæ республикæмæ æрбаздæхтой 147 милуан сомы грантты хуызы.

Культурон хъæппæристы президентон фонды Дзæуджыхъæуы проектон офис кусы дыууæ азы, консултацион æмæ методикон æгъдауæй æххуыс кæны республикæйы æнæкоммерцион æмæ коммерцион организацитæ, амалхъомты культурон, аивадон æмæ креативон индустрийы хъæппæристæн. Офис байгом 2024 азы апрелы Сергей Меняйлойы хъæппæрисæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы пресс-службæ**

Семинар

# «...Иудзинад – нæ царды фидар бындур...»

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд ахуырадон семинар «Коммуникация и лидерство в действии. Команда РСО-Алания»-йы архайджытимæ. Уый ацы бонты цæуы горæт Пятигорскы Зонындзинæдты центр «Машук»-ы. Семинары сты Сæргълæууæг æмæ нæ республикæйы Хицауады администрацийы кусджытæ, хицаудзинады минæвæрттæ, стæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ.**



Семинары ахуырадон программæйы ис алыхуызон ахсджиаг фарстатæ – абоны фæсивæды хабæрттæ, Уæрæсейы фидæны традицион хæзнатæ, æвзæрстытæ аразыны стандарттæ, информацион боны фæтк æмæ афтæ дарддæр.

Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй ахæм мадзæлттæ стыр æххуыс сты канд кæрæдзиимæ фембæлынæн нæ, фæлæ ма иумæйаг фæндмæ æрцæуынæн дæр. Иудзинад у нæ царды сæйраг бындур, æмæ йæ хъæуы хъахъхъæнын, фидардæр кæнын.

Семинары фæлгæты йæ архайджытæн равдыстой киноныв «Рæстдзинады фæндагыл». Ныхас дзы цæуы, Цæгат Ирыстонæй сæрмагонд æфсæддон операцийы хæстæ чи æххæст кæны, уыдоныл.

– Кинонывы алы радзырд дæр у патриотизм, лæгдзинад æмæ æхсары ирд æвдисæн. Уыцы историтæ æнæмæнг хъæуы зонын. Махæй хъуамæ рох ма уой нæ хъæбатыртæ. Стыр бузныг зонындзинæдты центр «Машук»-æн, ахæм ахсджиаг программæ царды кæй рауагътой, уый тыххæй. Хицæн стыр арфæтæ та – киноныв сараздджытæ æмæ йæ архайджытæн, сæ фидар удыхъару æмæ рæстдзинадæн, – загъта Сергей Меняйло.

Кинонывмæ бакæсыны фæстæ семинары архайджытæ раттой фарстатæ Сергей Меняйло æмæ кинонывы продюсер **Кашина-Зассеты Ольгæмæ.**

Кæронбæттæны Сергей Меняйло Арфæйы фыстæджытæ ратта «Машук»-ы ахуырадон архайды департаменты хицау **Екатерина Ханæн**, Центры директоры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Дмитрий Садкойæн**, киноныв «Рæстдзинады фæндагыл»-ы продюсер Кашина-Зассеты Ольгæ æмæ проекты автор **Аннæ Захарянæн**.

**Нæ уацхæссæг**

# Хæрзиуæг ын саккаг кодтой

**Федералон проект «Медиа Рост» æххæст кæныны хъуыддаджы зæрдиагæй архайыны тыххæй Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты историон факультеты цæттæкæнынады къабаз «Социологи»-йы магистранткæ БАГУЛТЫ Алинæйæн саккаг кодтой нæ регионы Сæргълæууæджы Бузны фыстæг.**




Амынд проект парахатæй æххæстгæнæг нæ республикæ бахастой Уæрæсейы медиа-къабазы раззаг регионты номхыгъдмæ. Стъараполы крайы горæт Пятигорскы зонындзинæдты центр «Машук»-ы цæуæг ахуырадон семинар «Коммуникации и лидерство в действии»-йы рæстæг Алинæйæн хæрзиуæг ратта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг **Гобеты Ибрагим**.

– Пайдайаг проектты архайæг нæ фæсивæд сгуыхтдзинæдтæ кæй æвдисынц, уый нын æхсызгон у. Алинæ æмæ нæ иннæ æрыгон специалисттæн сæ мидисджын фæндтæ баххæст кæнын кæй бантысдзæн, уый мæ уырны, – загъта Гобейы-фырт.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

Форум

# Агропромышленнон къабазы ахсджиаг цау

**Цæгат Ирыстоны 13-14 августы сараздзысты «Фат-Агро»-йы наукон-практикон форум. Уый цæуы æстæм хатт. Афтæ зæгъæн ис, æмæ форум суыдзæн агропромышленнон къабазы ахсджиагдæр цау, æрбаиу кæндзæн наукæйы, амалхъомады, хъæууонхæдзарады, бæрнон ведомствæты минæвæртты.**

Уазджытæ æрцæудзысты Уæрæсейы алы регионтæ æмæ фæсарæйнаг бæстæтæй. Рæгъмæ рахастæуыдзæн «Хæрзмыггаг картофы мыггаг рауадзыны нырыккон технологитæ». Специалисттæ се 'ргом аздахдзысты хæрзмыггаг саразыны фыдыбæстаг ахсджиаг фарстатæм, куыстады ахадындзинад фæхъомысджындæр кæнынмæ инновацион технологитæ хæссыны хъуыддагмæ.




Эксперттæ равзардзысты селекцийы нырыккон фадæттæ, хæрзмыггаджы æрмæджы æнæниздзинад, къабазы нымæцон уынаффæтæй пайда кæныны авналæнтæ, картоф дарыны технологитæ, йæ бахъахъхъæныны, импорты бæсты хи продукци уадзыны æмæ æндæр фарстатæ. Уæлдай æргом аздахдзысты дунеон æмæ регионалон æмгуыстадмæ, практикон фæлтæрддзинадæй хай кæнынмæ, наукæ æмæ амалхъомады 'хсæн ахастытæм.

Форум аразгæйæ, «Фат-Агро» йæхи дæсны æмæ арæхстджынæй равдыста, кæддæриддæр цæттæ вæййы хъуыддаджы ныхасмæ, къабазы зындзинæдтæ равзарынмæ, ахадгæ хуызы сæ алыг кæнынмæ, ома, агропромышленнон къабазы рæзтыл бакусынмæ. Фарон форум æрæмбырд кодта 150 архайæджы Уæрæсейы 17 регионæй – республикæйы сæмбæлдысты Сомих, Белорусси æмæ Швейцарийы бæрнон минæвæрттæ.

Къабазы технологон рæстмæ къæрцхъусдзинад фарон форумы æппæт архайджытæ дæр равдыстой. Ацы аз дæр форум хъæздыг уыдзæн мидисджын ныхасæй, эксперттты хъуыдытæй, нырыккон хæрзмыггаджы тыххæй дзы бæстон ныхас рауайдзæн. Куыстуаты официалон сайтмæ хи бахæссæн ис архайджыты хыгъдмæ.

**Нæ уацхæссæг**

## Дзырды фарн

*Æрмæст рæсугъддзинад*
*нæ бауарзын кæндзæни*
*дыууæ адæймаджы кæрæдзийæн.*

*ХЪОРОТЫ Дауыт*

Юбилей

# Дæсны разамонæг, курдиатджын ахуыргонд

**Дыгургомы Фæрæскъæтты хъæуы æз иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдтæн. Æмæ, йæ алфамбылай къæдзæхтæ æмæ арф кæмттæм кæсгæйæ, дис кодтон – куыд цардысты, куыд фæрæзтой йæ цæрджытæ ахæм зын уавæрты – суг хастой хæргæфстæ æмæ хæрджытыл цалдæр километры дæрддзæфæй хохаг хъæдрæбынтæй, газæн уыцы азты ам йæ кой дæр нæма уыди. Донæй сæ æфсæстой Урс хохы бынæй цæуæг суадæттæ. Сæ царды сæйраг фæрæз уыдис фос дарын, æмæ йыл стырзæрдæ никуы кодтой. Уæдæ исты дзаума кæнæ хæлцы хабæрттæ балхæнынмæ дæр цæуын хъуыди гакъон-макъон хохаг фæндагыл далæ сыхаг Мæхческмæ.**

Дзырд ыл нæй – стыр уды хъæру æмæ фæразондзинад хъуыди равдисын, цæмæй бинонтæн рæзой сæ сывæллæттæ, æххормаг, бæгъæввад æмæ бæгънæг ма уой, ахуыры хъуыддагыл хæст уой.

Æмæ, æвæццæгæн, кæстæртæ дæр, сæ хистæрты тухитæ уынгæйæ, æмбæрстой – хорз ахуыры, æгъдау æмæ хъæппæрисы фæрцы фервæздзысты хохаг царды зын уавæртæй, рацæудзысты адæмы рæнхъы. Уымæн бирæ у, Фæрæскъæтты чи схъомыл, фæстæдæр та æхсæнады царды бæллиццаг бæрзæндтæм схизын кæмæн бантыст, йæ уыцы цæрджыты нымæц. Уыдонимæ сты сгуыхт ахуыргæнджытæ, æфсымæртæ Темыраты Валодя æмæ Ленины орден дыууæ хатты райсæг Темыраты Тазе, Темыраты Павел, раздæры иугонд «Цæгирконсерв»-ы генералон директор, совхоз «Сæуæхсид» саразæг, Ленины орденхæссæг Темыраты Андрей, наукæты доктортæ Текъиты Васили æмæ Дзагкойты Хъазыбег, актер æмæ драматург Темыраты Дауыт, поэттæ Хуыдæлты Æхсарбег æмæ Темыраты Мурат æмæ иннæтæ. Уыдоны нымæцы, бæгуыдæр, ис хъæуyонхæдзарадон наукæты доктор, профессор **Темыраты Хæмыцы фырт Виктор дæр.**

Ацы бонты Виктор сбæрæг кодта йæ 75 азы юбилей. Куыд фæзæгъынц, йæ лæджы кары бацыд, æрлæууыд нæ куырыхон хистæрты рæнхъы.



Газеты æрмæджыты фæлгæты æппæт хабæрттæ ракæнынæн фадат нæ вæййы, фæлæ уæддæр бацархайдзыстæм Викторы профессионалон æмæ фæллойадон сгуыхтдзинæдты тыххæй цыбырæй радзурын. Каст фæци Хæххон хъæуyонхæдзарадон институты экономикæйы факультет. Уыцы азты уагæвæрдмæ гæсгæ йæ ахуыры фæстæ кусынмæ арвыстой Тамбовы облæсты мæргъты завод «Арженка»-мæ. Уым йæ теоретикон зонындзинæдтæ сфидар кодта практикон архайдæй, райста хъæугæ фæлтæрддзинад.

Цалдæр азы фæстæ Виктор сыздæхт йæ райгуырæн Ирыстонмæ, куыста цалдæр раны. 1982 азы та æрыгон специалистæн бабар кодтой разамынд дæттын Горæтгæрон районы Ленины номыл колхозæн. Фæстæзад хæдзарад æртæ азы фæстæ йæ къæхтыл слæууыд, рацыди раззагдæрты рæнхъытæм, йæ разамонæджы та схорзæхджын кодтой Кады Нысаны орденæй. Рацыди ма цалдæр азы, æмæ Ленины номыл колхоз сси Æппæтцæдисон социалистон ерысы уæлахиздзау, бахастой йæ Адæмон Хæдзарады Æнтыстдзинæдты Равдыстыты Кады фæйнæгмæ.

Виктор цалдæр азы разамынд лæвæрдта нæ республикæйы Хъæууон хæдзарады министрадæн дæр. Стыр арæхстдзинад равдыста, 1998 азы, дефолт кæй хонынц, уый адæмы зæрдæтæ куы сызмæлын кодта, бирæ куыстуæттæ æмæ хæдзæрттæ дойнаг дурыл абадæгау куы фесты, стыр материалон зианты куы бахаудтой, уæд, уыдонимæ хъæууон хæдзарады кусджытæ дæр. Уæд Виктор тынг бацархайдта, йе 'ппæт зонындзинæдтæ æмæ хъарутæ дæр сарæзта нæ республикæйы аграрон комплексы архайд бынтон заууатмæ ма 'руадзыны тыххæй. Уый фæрцы хæдзарæдты æфтиæгтыл зынгæ бафтыди, сæ ныфс нæ асаст.

2006 азы Викторы сæвæрдтой Хæххон паддзахадон аграрон университеты ректорæй. Цы дзæвгар хорздзинæдтæ йын бантыст саразын, уыдæттыл бирæ дзурын хъæуы, зæгъдзыстæм æрмæст дæр уый, æмæ 2010 азы онг университеты материалон-техникон, ахуырадон æмæ наукон гæнæнтæ фæхъæздыгдæр сты, стæй ма студентты ахуыр æмæ цардыуаджы уавæртæ фæхуыздæр кæныны тыххæй бюджетон æмæ æнæбюджетон фæрæзтæй хардзгонд æрцыд 180 милуан сомæй фылдæр. Стыр æргом здæхт цыди социалон фарстатæм, сидзæр æмæ æвæгæсæг студенттæн раттой æхцайы 'ххуыс 14 милуан сомы бæрц. Аккаг цард æмæ ахуыры, фæллад уадзыны уавæртæ арæзт æрцыд студентты æмдзæрæнты дæр, куыстой цæлгæнæнтæ, хæрæндæттæ, хихсæн уæттæ æмæ афтæ дарддæр. Парахатæй-парахатдæр кодта наукон-иртасæн куыст дæр университеты. Виктор йæхæдæг рауагъта 60 наукон æмæ ахуырадон-методикон куысты, стыр аргъ сын скодтой.

Темыраты Викторы куыстæн бæрзонд аргъгонд æрцыд паддзахады 'рдыгæй. Хорзæхджын у Кады нысан æмæ Хæлардзинады (Республикæ Хуссар Ирыстон) ордентæй, майданæй «Ирыстоны намысæн» æмæ сыгъзæрин майданæй «Уæрæсейы Федерацийы агропромышленнон комплексмæ йæ ахъаззаг хай бахæссыны тыххæй». У Уæрæсейы Федераци æмæ Цæгат Ирыстоны хъæууон хæдзарады сгуыхт кусæг, цалдæр хатты йæ равзæрстой нæ республикæйы Парламенты депутатæй.

Абон дæр Виктор йæ хъæздыг профессионалон фæлтæрддзинадæй цæстуарзон хай кæны хъæууон хæдзарады фидæны специалисттæн, у аграрон университеты менеджменты кафедрæйы сæргълæууæг.

Цалдæр азы размæ мæ Темыратæ ракуырдтой, цæмæй сын феххуыс кæнон сæ мыггаджы чиныг рауадзынæн. Рацыди, боны рухс федта, «Уæларвон хойы дæлбазыры бын», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ. Чиныгыл кусгæйæ, бирæ цымыдисаг хабæрттæ базыдтон рагон æмæ кадджын Темыраты историйæ. Уым аккаг бынат бацахста æмæ абон дæр ахсы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хъæбатыр æфсæддон Темыраты Хæмыцы сæрæн лæппу Виктор дæр.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

Ерыстæ

# Хъæбатыры кадæн

**Дзæуджыхъæуы Хæххон-аграрон университеты Æнæпилотон системæты центры бындурыл, Уæрæсейы Хъæбатыр Тыбылты Мараты номыл уыд фыццаг турнир дрон-рейсингæй. Ерыстæ æрбангом кодтой, нырыккон технологитæ, инженерон дæсныйад æмæ æнæпилотон системæтæ цымыдисы кæй æфтауынц, уыцы скъоладзаутæ æмæ студентты Цæгат Ирыстонæй.**

Турнир цыдис дыууæ боны. «Юные асы», зæгъгæ, фæлгæты сæ арæхстдзинад æмæ зонындзинæдтæ равдыстой нæ республикæйы скъоладзаутæ. Уый фæстæ «Чемпионская гонка»-йы ерыс кодтой хистæркъласонтæ æмæ студенттæ. Турниры архайджытæ виртуалон хуызы æххæст кодтой æнæпилотон системæтæ уæлдæфмæ суадзын æмæ йын йæ тагъддзинады уавæрмæ цæст дарыны мадзалы. Ерысты организатортæ уыдысты Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл, Хæххон-аграрон университеттæ æмæ Дзæуджыхъæуы администраци. ЦИПУ-йы робототехникæ æмæ фидæны технологиты центры разамонæг **Тотыккаты Алыксандр** куыд загъта, афтæмæй æнæпилотон технологитæ ныры рæстæджы тынг ахсджиаг сты, канд æфсæддон хъуыддаджы нæ, фæлæ арæзтады, инженерон, хъæууон хæдзарад æмæ æндæр къабæзты.



– Цæгат Ирыстоны ис æппæт гæнæнтæ дæр, цæмæй Цæгат Кавказы робототехникæ æмæ æнæпилотон системæты рæзты фæз суæм. Зæрдæ дарæм нæ республикæйы разамындыл, æмæ ацы аз фæззæджы бацæттæ кæндзыстæм турниры дыккаг фæлтæр. Уырдæм æрбахондзыстæм нæ сыхаг республикæтæ æмæ Уæрæсейы иннæ субъекттæй архайджыты, – загъта Тотыккаты Алыксандр.

Ерыстæ цыдысты, æрыгон фæсивæды æфсæддон-патриотон хъомылады, сæ зæрдæты сын инженерон-техникон æмæ информацион технологитæм цымыдисдзинад сырæзын кæныны мадзæлтты. Æхцайы æххуыс та турнирæн бакодта меценат **Цопанты Хетæг.** Уый ног турнир саразыны хъуыддаджы фарс рахæцыд æмæ ма æхцайы призтæ дæр снысан кодта. Фыццаг бынат бацахсæг уæлахиздзаутæ райстой фæйнæ 25 мин сомы æхца, дыккаг бынат чи райста, уыдон – 15 мин сомы, æртыккаг бынат кæмæн саккаг кодтой, уыдонæн та – 10 мин сомы.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

Хицаудзинад

# Паддзахадон æххуыс нæ æнæмæнг хъæуы

**Æрæфы районы, йæ хæхбæсты фæзуатыл фенæн ис тынг бирæ историон, культурон æмæ æрдзон цыртдзæвæнтæ æмæ зæрдылдарæн бынæттæ, дисы æфтауынц зæронд хохаг хъæутæ сæ диссаджы историимæ. Нæ районы ис бирæ альпинистон, туристон æмæ экологон къахвæндæгтæ, фæллад уадзынæн бирæ гæнæнтæ: фистæг æмæ бæхтыл тезгъо, хæххон лыжæтыл бырын, сыгъдæг уæлдæфы Ирыстоны истори æмæ культурæимæ зонгæ кæнын. Ацы æмæ æндæр фæрæзтæ Дыгургом кæнынц зæрдæмæдзæугæ республикæйы уазджытæн.**

Ныридæгæн нæ районы æнтыстджынæй кусынц æхсæз туристон базæйы æмæ альпинистон лагеры, 649 адæймаджы сæ бон у суазæг кæнын. Зæрдæмæдзæугæ у сæ архайд: спортивон-дзæбæхгæнæн комплекс «Порог неба»-йы – 350 бынаты, фысымуæтты комплекс «Харес»-ы – 54 бынаты, турбазæ «Дзинага»-йы – 119 бынаты, базæ «Комы-Арты» – 50 бынаты, фысымуæтты комплекс «Тана Парк Отель»-ы – 38 бынаты, раздæры «Панорама»-йы – 35 бынаты.

Нæ районы туризмы рæзтæн стыр ахъаззаг æххуыс сты Уæрæсейы Экономикон рæзт æмæ Хъæууон хæдзарады министрадты паддзахадон æххуыс. Грантты хуызы амалхъомтæ цы æхца райсынц, уый фадат дæтты цыбыр рæстæгмæ хæрзхъæд инфраструктурæ бацæттæ кæнынæн, уый та комкоммæ фæрæз у экономикæ фидар кæнынæн, туристты æргом нæ регионмæ раздахынæн.

Гранттæ райсыны конкурсы архайгæйæ, нæ районы æнтыстджын рауадысты дыууæ инвестицион проекты. Фыццаг – туристон комплекс «Borcomsky». Проектмæ гæсгæ арæзт æрцыд алцæмæй ифтонг 18 цæрæн модулон хæдзары. Куыстытæ кæронмæ ахæццæ сты, хъæуы ма закъоны бындурыл сæ архайд сфидар кæнын.

Дыккаг – турбазæ «Дзинага»-йы фæзуатыл хорз сфидыдтой 20 ног цæрæнуаты, алкæцыдæр - 28 квадратон метры. Объект йæ куысты æфтиæгтæй ныридæгæн фиды туристон хъалон муниципалитеты бюджетмæ, æнæмæнг, уый хорзæрдæм фæзындзæнис нæ иумæйаг экономикон бæрæггæнæнтыл.

Йæ курдиат паддзахадон æххуыс, грант райсынмæ



2025 азы балæвæрдта **Джиоты Сослан** фæлладуадзæн базæ «Куссу-парк»-ы проект царды рауадзынæн.

Уæрæсейы Хъæууон хæдзарады министрады программæ «Агротуризм»-ы грант райсынмæ сæ курдиат балæвæрдтой нæ районæй фондз амалхъом адæймаджы. Се 'ппæт дæр фæлтæрдджын сты хъæууон хæдзарады къабазы. Иугæр гранттæ куы райсой, уæд сæ фæнды горæты цæрæг адæмæн фæлладуагъды аккаг уавæртæ скæнын, экскурситæ аразын, гастрономон фестивальтæ æмæ хъæл-дзæг бæрæгбæттæй туристтæн равдисын нæ æрдзы рæсугъддзинад, ирон уазæгуарзондзинад, хæрзад хойраг, зæххы куыст æмæ фосдарынады хицæндзинæдтæ.



Проекттæ «Солнечная долина», «Солнечные склоны», «Дыхание гор», «Легенда гор», «Эко-ферма» Алания» – алкæцыйæн дæр йæ грант у 10 милуан сомы.

Цæрæнуатон-коммуналон инфраструктурæйы лыггæнинаг фарстатæ цæлхдуртæ æвæрынц туризмы æнæкъуылымпы рæзтæн. Æрдзон газ, электрон тыхы системæйы куысты, уæлдайдæр – зымæджы уазал рæстæг вæййы къуыхцытæ, арæх сын сæ рухс ахуыссын кæнынц. Рухс æмæ хъарм куы нæ уа, уæд туристон базæ, альпинистон лагерь, æндæр фæлладуадзæн бынæтты уазджытæ хъуамæ цы кæной.

Афтæмæй, цæмæй нæ районмæ инвестицитæ æрбаздахæм, туристты фæлладуагъдæн аккаг уавæртæ скæнæм, уымæн хъæуы æрдзон газæй, электрон тыхæй, донæфсисад æмæ донуадзыны хъуыддаг иудадзыг æнæкъуылымпыйæ аразын.

Уымæй уæлдай, ацы къабазы рæзтæн хъæуы хъæууонхæдзарадон, культурон æмæ уазæгуаты инфраструктурæ парахат кæнын.

Хатгай афтæ рауайы, æмæ грант райсыны агъоммæ рабæрæг вæййы, зæххы хайæн йæ нысаниуæг дзуапп кæй нæ дæтты закъоны домæнтæн, æмæ проектыл куыст бамынæг вæййы.

Уæлдай хъахъхъæнинаг æрдзон фæзуаты цы цæрæнбынæттæ нымад æрцыдысты, уыцы зæххытæй пайда кæнынæн ис сæрмагонд федералон закъон «Об особо охраняемых природных территориях».

Национ парк «Алания»-йы фæзуатыл федералон закъонмæ гæсгæ ис хæдзарадон архайд кæнæн. Фæлæ ма ис æндæр уынаффæ дæр, кæцы æппындæр ницы бар дæтты, парчы зæххытæм чи хауы, уым архайынæн.

Гæлиат, Гуылæр, Задæлеск æмæ Стыр Дыгуры хъæу-уон цæрæнбынæттæн 2022-2024 азты сфидар кодтам генералон пълантæ. Уый у федералон закъоны домæн уæлдай хъахъхъæнинаг æрдзон фæзуæттæм. Национ парк «Алания»-йы фæзуаты цы хъæутæ ис, уыдонæн, генералон пъланмæ гæсгæ, сбæрæг кодтам сæ арæнтæ æмæ функционалон зонæтæ. Æрдзон комплекстæн, зайæгойтæ æмæ цæрæгойтæн зиан чи æрхæсса, ахæм архайд кæнын дзы не 'мбæлы.

Генералон пъланты федералон закъон «Об особо охраняемых природных территориях»-мæ гæсгæ нæ районы бынæттон хиуынаффæйады администраци бацæттæ кодта ацы хъæуты зæххытæй пайда кæнын æмæ арæзтады уагæвæрдты проекттæ.

Уæрæсейы Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министрады æркастысты нæ проекттæм. Сæ дзуапп уыдис – зæххæй пайда кæнын æмæ арæзтады уагæвæрдтæ сфидар кæнынæн бындур нæй.

Паддзахадон æххуыс æхсызгон хъæуы мах сæвзæргæ уавæрты.

**ХАМИХЪОТЫ Роберт,**
**Æрæфы районы бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæг**

# Æнæмæлгæ полкъ





МАГКАТЫ Гадзыбе



АРДАСЕНТЫ Алымбег



АЛЫБЕГТЫ Заубатыр



АЛЫБЕГТЫ Алибан



БЕТЕТЫ Сандер



БЗÆТЫ Амырхан



БЫЗЫККАТЫ Малсæг



БИТАРТЫ Тома



БИГЪАТЫ Ахболат



БИГЪАТЫ Амырхан



ГÆБÆРАТЫ Владимир



АЗИАТЫ Петр

Ахъуыдыйаг

# Ирон дин (æгъдау) æмæ ивддзинæдтæ

**«Дины дзырдтæн ивæн нæй» ахæм сæргонды бынмæ газет «Рæстдзинад»-ы 2026 азы 25 мартъийы мыхуыргонд æрцыд мæнæ ахæм æрмæг:**

Дины дзырдтæн ивæн нæй

## Табу кæнæм Хуыцауæн, зæдтæн, дауджытæн

**Ирон адæмы абоны кæстæр фæлтæртæ ахуырыл хæст сты. Интернеты, газеты цы кæсынц, телевизорæй цы уынынц, уый сæ зæрдыл хорз дарынц. Уый хыгъд иппæрд кæнынц сæ уидæгтæй. Æмæ хаттæй-хатт ирон хъуыддæгты, æвзаджы фæлгæты бахауынц къуырцдзæвæны. Тыхсын сæ кæны дзырд «табу» дæр. Ирон хистæртæ нæлгоймагæй, сылгоймагæй кувгæ-кувын, хи Хуыцауыл, зæдтыл, дауджытыл фæдзæхсгæйæ, сæ ныхас райдайынц табутæ кæнгæйæ.**

Табу у аргъуыцы, нымад, кад кæныны уæлдæр къæпхæн. Нæ ахуыргонд фæлтæртæ та наукæйы «табу» зонынц нæфæтчиагæй, æллойæ, тобæйæ, бар цы ми скæнæн нæй, ахæм мидисимæ. Ацы дзырд ахæм нысанимæ, мидисимæ ахуыргæндтæ раджы кæддæр фехъуыстой Полинезийы бынæттон цæрджытæй. Уæрæсейы наукæты академийы уагъд «Современный словарь иностранных слов»-ы кæсæм: «Табу неск.с/ полинез tabu священный, запретный. 1. У первобытных народов религиозный запрет на какие-л. действия, предметы на их обозначения в языке. 2. перен. Вообще запрет чего-л. «Газетчики сняли запрет с этой темы».

Полинези ис Сабыр фурды астæу сакъадæхтыл. Цы бынæттон цæрджытæ дзы ис, уыдон хонынц полинезийæгтæ. Се 'взагыл «табу» амоны тобæ, æлло, бар цы хъуыддаг, ми бакæнынæн нæй, уый. Куы йæ бакæнай, уæд дæ уæлдæр тыхты фыдæх баййафдзæн. Гъеныр ма мын зæгъут, дæлæ кæмдæр, Гандзайæ бирæ-бирæ дарддæр цавæрдæр ахуыргæндтæ цыдæр хъæддаг адæммæ нæ уæлвонг уаздзырд табуйы хуызæн цыдæр фехъуыстой, наукæмæ йæ бахастой, æмæ йæ уый тыххæй маул дзурæм?

Иуæй-иу хатт ацы æмæ æндæр дзырдты нысаниуæджы, йæ ирон цардæй, æгъдауæй чи фæиппæрд, уыдон адæмы, уæлдайдæр та кæстæрты сдыгъуырццæг кæнынц, сæхæдæг рæстмæ кæй нæ фæзонынц, уый амонынил басгуыхынц. Æмæ ахæмтæн ныхкъуырд даттын хъæуы.

– Табу Дунескæнæг Иунæг Стыр Хуыцауæн, йе сконд зæдтæ æмæ дауджытæн! Оммен!

**ЦГЪОЙТЫ Хазби,**
**чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ»**

Уыцы æрмæгæй ис райсæн: наукæйы «табу» зонынц нæфæтчиагæй, æллойæ, тобæйæ, бар цы ми скæнæн нæй, ахæм мидисимæ; дзырд «табу» ахæм нысанимæ, мидисимæ ахуыргæндтæ раджы кæддæр фехъуыстой Полинезийы бынæттон цæрджытæй; Уæрæсейы Наукæты академийы уагъд «Современный словарь иностранных слов»-æй ис бамбарæн – слово «табу» пришло из полинезийского языка и означает: 1) у первобытных народов религиозный запрет на какие-либо действия, предметы и их обозначения в языке, 2) в переносном смысле – вообще запрет чего-либо.

Ахæм ахадгæ бындур ма ис æндæр гуырæнты дæр, уыдонимæ: «Табу – (полинезийск.) – запрет, нарушение которого, по суеверным представлениям, карается сверхъестественными силами. У полинезийцев табуированным, т.е. изъятым из пользования рядовой массы народа, считалось все священное, относящееся к духам и богам, и все принадлежащее вождям и жрецам. Вожди и жрецы могли налагать табу на любой предмет или действия. У многих первобытных народов (напр., у австралийцев) табу связано с тотемизмом: запрещается убивать животное, имя которого носит данный род, есть мясо тотемного животного и т.п. табу возникло из веры в сверхъестетсвенные силы и из страха перед ними и опасными свойствами отдельных предметов. В период перехода от первобытно-общинного строя к классовому обществу старейшины, вожди и жрецы использовали обычай табу для захвата тех или иных благ и укрепления своей власти. Впоследствии причины табу переосмысливались, и им часто придавалось рационалистическое толкование. Табу сохраняются во всех религиях, например, в исламе и иудаизме – запрет есть свинину, в христианстве – запрет входить в алтарь женщинам, есть «скоромное» в пост и т.п.» («Большая советская энциклопедия», государственное научное издательство, второе издание). «Табу – у первобытных народов: религиозный запрет, налагаемый на какое-нибудь действие, слово, предмет; сейчас – вообще о чем-нибудь запретном» (С.И.Ожегов – «Словарь русского языка»). «Слово «табу» пришло в европейские языки из тонганского языка (один из полинезийских языков) и означает систему религиозно-социальных запретов. В переносном смысле табу означает вообще систему всяких запретов, черты которой, под различными названиями сохранились во всех языках и до сих пор. Некоторые люди даже не говорят слово «запрет», а говорят «табу». В европейские языки термин «табу» попал благодаря Джеймсу Куку в 1777 году». (Википедия).

Гуырысхойаг нæу: **«табу» нæу ирон дзырд; «табу» у полинезийаг дзырд æмæ у – «запрет»; «молитва» нæу «табу»; «табу» ирон æвзаджы у – нæфæтчы.** Æрмæст ирон адæмы гуырæнты – «аргъуыцы, нымад, кад кæныны уæлдæр къæпхæн», «славословие», «поклонение», «восхваление» æмæ «куывд-молитва» чидæртæ (1777 азы нæма райгуырдысты) схуыдтой – «табу» (нæфæтчы – «запрет»). Кæд æмæ **ирон дзырд «нæфæтчы»-йы нысаниуæг полинезийаг æмæ уырыссаг æвзæгты æххæст кæны дзырд «табу» – «запрет»**.

Ныр, цæмæй мыл «ныхкъуырд» ма сæмбæла, рагацау фæрсын: 1.Куыд æмбаргæ у «Газетчики сняли запрет с этой темы»? 2.«Дины дзырдтæн ивæн нæй», уæд чидæртæ цы хуыздæрæн сфæнд кодтой ирон дины (æгъдауы) дзырд «куывд – молитва» схонын «табу» (нæфæтчы – «запрет»)? 3.Ирон дин (æгъдау) зыгъуыммæ здахыны бар кæмæ ис?

Уыцы газеты æрмæгæй ма сисæн ис: «Ирон адæмы абоны кæстæр фæлтæртæ ахуырыл хæст сты. Интернеты, газеты цы кæсынц, телевизорæй цы уынынц, уый сæ зæрдыл хорз дарынц. Уый хыгъд иппæрд кæнынц сæ уидæгтæй. Æмæ хаттæй-хатт ирон хъуыддæгты, æвзаджы фæлгæты бахауынц къуырцдзæвæны. Тыхсын сæ кæны дзырд «табу» дæр». Дызæрдыггаг нæу: фидæны ирон адæм фылдæр пайда кæндзысты уырыссаг гуырæнтæй; **ирон дзырдтæм нæ хъæуы æфтауын ахæм дзырдтæ, кæцытæн уырыссаг æвзаджы ис æндæр нысаниуæг – ахæм дзырд у «табу» дæр**. Уырыссаг адæм, цæмæй «Бог» æнæкæрон кадджын уа, уый тыххæй йæ хонынц «Всевышний». Ирон адæммæ дæр, сæхи æвзаджы, ис аккаг дзырдтæ.

**ÆГЪУЫЗАРТЫ Аврамы фырт Таймураз,**
**Дзæуджыхъæу**

Нæ разагъды фæсивæд

# Зæгъ-ма, Мызур, цы дыл æрцыд?




**Мæ райгуырæн, мæ уарзон хъæу Мызур,**
**Куыд зынаргъ у мæнæн дæ алы дур.**
**Дæуыл раст хур дæр 'ндæр хуызы кæсы,**
**Фæлæ дæ рагæй хъавыдтæн фæрсын.**

**Зæгъ-ма, Мызур, цы дыл æрцыд?**
**Нæ фæсивæд кæдæм фæцыд?**
**Кæрæдзийы куы аййæфтой... Бæллæх!**
**Куыд сын цымæ фæразыс, о нæ зæхх?!**

**Куыд æнгомæй, лымæнæй цардысты,**
**Æлгъысты хай цыма 'васт баисты...**
**Уым æрдз сæ фæстæ фендæрхуызæн ис,**
**Уым раст цыма нæ цард дæр ныр фæцис.**

**Фыдох ныккодта. Хæст бæллицтæ судзы.**
**Мæгуыр мады зæрдæ рæмудзы.**
**Нæ гыццыл хъæуы – уал хъæбатыры.**
**Мызур цыма цæрынмæ нал тырны...**

**Ды хъæуæй фыццаг афæндараст дæ.**
**Цæвиттойнаг гуырд алкæмæн фæдæ.**
**У Дзантиаты Аслан ныр ирд ыстъалы,**
**Дæ мæгуыр мад йæ цæссыг згъалы.**

**Хъæбатыр у нæхи Суанты Марат.**
**Цæрыны бар ын ногæй, Хуыцау, ратт.**
**Уæздан, уæзбын, фæлмæнзæрдæ уыдис.**
**Хъæхъхъаг хæсты амæттаг нын фæцис.**

**Витали бабын. Битетæм – фæдис.**
**Йæ цæфтæн хæсты фидар разындис.**
**Фæзæгъынц, кæй нæй адзалæн мадзал,**
**Хъысмæты цæфæй нал фервæзттæ, нал.**

**Дыууæ фырты ысхъомыл кодта мад.**
**Сты Битеты лæппутæ, махæн – кад.**
**Цы ма уа хæстæй карздæр 'мæ фыддæр?**
**Куы сыздæхтаис, Гермæн, ды уæддæр.**

**Нæ Бицъоты Сослан хъæбатыр ссис.**
**Дæргъвæтин хæстæй ласгæмард фæцис.**
**Ирыстонæн ды скодтай 'нусмæ кад,**
**Сæрыстыр дæ у, зон æй, дæ мыггаг.**

**Хынцæгты Лери – хæсты амæттаг,**
**Йæ ныййарæг ыссис ныр сагъæссаг.**
**«Хæсты хъæбатыр» 'нусмæ у йæ ном.**
**О, не Скæнæг, ыскæн хæстæн кæрон.**

**Фæцыд фыдранмæ Гогаты Давид.**
**Бæргæ, йæ мæлæт мæнг куы уаид.**
**Йæ мæгуыр мадæн иунæг фырт уыдис,**
**Цæмæн афтæ тагъд йæ цард аскъуыдис?**

**Хъæрджыны-фырт фæмард нæ Иры кадæн.**
**Ыссис Аслан зæрдæниз ныр йæ мадæн.**
**Мæлæты фæстæ хорзæхджын æрцыд**
**Лæгдзинады орденæй. Уый дын гуырд!**

**Давидыл хъарæг хъуыст мæгуыр хæдзарæй,**
**Йæ цард ын хæст куы аскъуыдта бындзарæй.**
**Цы бæллæх уæд Есенатыл æрцыд...**
**Сæ æдзард фырт ыскодта Ирæн цыт.**

**Нæ ысгуыхт æрдхорд у Жидаты Виктор.**
**Æлгъаг хæсты амæттаг бацис уый дæр.**
**Ссис хорзæхджын ыстыр хæрзиуджытæй –**
**Лæгдзинады орденæй, майдантæй.**

**Хъайтмазты лæппу, не 'дзард æрдхорд Феликс,**
**Бæргæ, уæд та куы фестис феникс.**
**Дæ хъæбултæ дæ къаммæ ныр кæсынц,**
**Сæ уарзон фыды бæргæ агурынц.**

**Æбæрæгæй, дам, фесæфтис Витали.**
**Гæцойты сахъгуырдæн йæ фæд дæр нал и...**
**Мæнг хабар æй æппæт дзыллæ хуыдта,**
**Йæ ног зианыл Мызур сау адардта...**

**Буцхаст, хъал – Мæрзойты Азæмæт.**
**Йæ мад, йæ фыд кæнынц ныр мæт.**
**Зынаргъ хъæбул йæ нанайæн уыдис,**
**Фæлæ йæ цард куыд цыбыр разындис.**

**Фæраст и хæстмæ Дзасохты Алан.**
**Кæм дæ, цæхæрцæст гуырд, цы ран?**
**Дæ дыууæ фаззон фыртæй уыдтæ хъал,**
**Фæлæ сæ, мæгуыр, нал фендзынæ, нал...**

**Сæрыстыр дæн дæуæй, мæ уарзон хъæу.**
**Æдзард кæстæрты фæстæ фидар лæуу!**
**Фæсивæдыл кæуыс, Мызур, уыныи.**
**Цæр мын æнус, мæ уд дæр дын дæттын.**

**РÆМОНТЫ Алинæ,**
**Мызуры поселочы цæрæг**

Уæлахиздзаутæ

# Уыди хъысмæты карз цæфтæй æфхæрд

**Уæ бонтæ хорз, газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ æмæ газеткæсджытæ! Алы аз дæр, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты Уæлахизы бон куы æрцæйхæццæ кæны, уæд мæ зæрдыл æрбалæууынц мæ хистæрты ныхæстæ, ома, цы фæсивæд баззад хæсты быдыры Ирыстонæй, нæ хъæуæй, не 'рвадæлтæй (Адетæй)! Адетæ æрлыгъдысты Джызæлмæ 1835 азы Дæргъæвсгомæй – Хынцæгæй.**

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд уыдыстæм хъæуы 16 хæдзары, фæлæ, хъыгагæн, скуынæг стæм, уымæн æмæ нæ нæлгоймæгтæн сæ фылдæр хæсты быдыры баззадысты, æрмæст иу хæдзарæй фондзæй ацыдысты (Мишæйы фондз лæппуйы), Салам, Барис, Ладемыр, Костя æмæ Таймураз, æмæ ма дзы æрмæст Ладемыр уæззау цæфтæй сыздæхт. Сæ номыл сын цалдæр хатты бæхтыл дугъ ауагътам, хæдахуыр композитор Моргуаты Эльбрус æмæ поэт Айларты Чермен та сыл ныффыстой зарæг, рухсаг уæнт, фондз азы размæ та сын Джызæлы уынгтæй иуæн раттой сæ ном.



ДАУЫРАТЫ Бечмырзæ



ДАУЫРАТЫ Керым (Кирилл)

Æз мæ мыггаг бирæ уарзын, фæлæ мæ мадырвадæлты дæр къаддæр нæ уарзын (Дауыраты), уыдон дæр, Джызæл куы равзæрд, уæд æрлыгъдысты Дæргъæвсгомæй. Хæст куы райдыдта, уæд Дауыраты нæлгоймæгтæ фыццæгтимæ ацыдысты хæстмæ. Мæ мадыфыд Барысби (1895 азы гуырд) хæсты размæ куыста ветлечебницæйы санитарæй (Дойаты Елмырза уыд йæ хицау). Барысбимæ дæр фæсидтысты, азтæ сыл кæй цыди, уый тыххæй сыл йæ иннæ æмгæрттимæ скодтой милицæйы дарæс, æмæ хъахъхъæдтой хидтæ, заводтæ, фабриктæ æмæ æндæр ахæм объекттæ. Хæст куы фæци, уæд сын загътой, кæй уæ фæнды, уый баззайæд милицæйы кусгæйæ, зæгъгæ. Барысби дæр сразы, æмæ суанг пенсимæ рацæуыны онг фæкуыста банчы хъахъхъæнæгæй. Барысбийæн йæ фыдыфсымæр Бибойы фырт Бечмырзæ (1893 азы гуырд) царди Барысбиимæ иу кæрты, уымæ дæр фæсидтысты хæстмæ, куыста колхозы хыгъдхæссæгæй. Бечмырзæ-иу сывæллонæй арæх уыди Ирыхъæуы йæ мадырвадæлтæм – Тотратæм, уыдонмæ фæцалх бæхыл бадыныл. Æстдæсаздзыдæй йæ акодтой паддзахы æфсадмæ службæ кæнынмæ. Бахаудта кавалерийы полкъмæ. Уалынмæ райдыдта Фыццаг дунеон хæст, æмæ уым архайдта Бечмырзæ. Джызæлæй сæ полчъы службæ кодта Бекаты Хамырзæ, уый-иу афтæ дзырдта, зæгъгæ, дам, нæ полчъы бæхыл бадынмæ тæккæ сæрæнтæй иу уыди Дауыраты Бечмырзæ, абон дæр ма Хамырзæйы ныхæстæ Бечмырзæйы тыххæй бирæ хатт фæдзуры фæсивæдæн йæ кæстæр лæппу Сослан. Ирыхъæуы дæр æй базыдтой бирæтæ, куыд сæрæн бæхылбадæг. 20-æм азты Хъантемыраты зындгонд бæхылбадджытæ йæ бацагуырдтой сæхимæ цирчы кусынмæ, фæлæ йæ мад Сасайы нæ бафæндыд, æмæ лæппу йæ мадмæ байхъуыста.

Бечмырзæмæ Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ куы фæсидтысты æмæ куы базыдтой, кавалерийы службæ кодта, уæд æй уайтагъд сбæлвырд кодтой бæхджын æфсæдты службæ кæнынмæ. Хæсты кæрæй-кæронмæ фæци, архайдта Сталинграды бынмæ тохы дæр райдайæнæй кæронмæ. Хæст куы æрсабыр, уæд сын цалдæр мæйы фæстæ сæ хæдзæрттæм ацæуыны бар раттой.

Бечмырзæ схæццæ Дзæуджыхъæумæ, уырдыгæй горæтæй зæронд фæндагыл йæ хызынимæ фистæгæй фæраст йæ райгуырæн хъæу Джызæлмæ. Цæуы, æмæ йæ уырнгæ дæр нæ кæны, сæрæгасæй йæ фыдæлты зæххыл кæдæй-уæдæй сæмбæлд, уый. Фыццаг хатт йæ кæстæр хъæбулы (чызг Зæлинæйы) фендзæн, уый райгуырд, Бечмырзæ хæстмæ куы ацыд, уымæй æртæ мæйы фæстæ. Йæ цæстытыл уайынц йæ дыууæ лæппуйы, цыппар азмæ цыма цас сырæзыдаиккой... Куы цыди хæстмæ, уæд хистæр – Сабазыл цыди 10 азы, кæстæр – Уранбегыл – 8 азы, чызг Тамарæйыл та – 3 азы. Уайынц йæ цæстытыл йæ ныййарæг мад Саса æмæ йæ цардæмбал Верычкæ (йæ мыггаг Зачиатæй), йæ уарзон сыхбæстæ. Цæуы фæллад хæстон æмæ нал хæццæ кæны, фæлыгъд фырцинæй йæ фæллад, бирæ йæ нал хъæуы, уартæ хъæу зыны... Фæндагæн йæ дыууæ фæрсты дæр – Джызæлы колхозы быдыртæ, хуымты адæм кусынц, уыдон дæр æй федтой æмæ йæ базыдтой, нæлгоймæгтæ йæ размæ рацæуынц. Бечмырзæ бацин кодта, ныртæккæ мын хъæбыстæ æмæ цинтæ кæндзысты, зæгъгæ, фæлæ лæгтæ йæ размæ æрлæууыдысты æмæ сæ сæртæ æруагътой. Бечмырзæ фæрсы, цы у, цы хабар у? Уæд ын лæгтæй сæ хистæр сфæрæзта: «Рухсаг уæнт дæ бинонтæ...» Бечмырзæ ныхъхъæр кодта, ныхъхъæрзыдта: «Чи?» Уыцы лæг та йæм сабыргай дзуры: «Дæ дыууæ лæппуйы, дæ кæстæр чызг, дæ мад, дæ кæстæр æфсымæр Керым». Бечмырзæ ныбогъ-богъ кодта æмæ хæдзармæ ныццавта. Цалынмæ хæдзармæ хæццæ кодта, уæдмæ йæ бон нæдæр кæуын нал уыд, нæдæр – дзурын. Уый мын дзырдта мæ мад Риммæ. Риммæ Бечмырзæйы хистæр лæппу Сабазимæ иу къласы ахуыр кодта. Джызæлæй хæст куы ацыд, уæд скъола ногæй кусын райдыдта, уыдысты 5-æм къласы, уыди сæм хæстон арæхстдзинады урок скъолайы кæрты, æхстой ахуыргæнæн гранаттæ. Сабазæн ахуыргæнæг бабар кодта уыцы гранаттæ æмбырд кæнын æмæ сæ асыччы æвæрын. Гранаттæ æмбырд кæнгæйæ, йæ размæ фæци минæйы капсулæ, сывæллон æй цæмæй зыдта, дурыл æй æрцавта, æмæ йыл схæцыд. Лæппуйы баныгæдтой, фæлæ йæ кæстæр æфсымæр Уранбегæн Сабазы фесæфтыл йæ гыццыл зæрдæ афтæ сынкъуыст, æмæ йæм низ фæзынд, уый дæр уыцы аз (1943) амард.

Бечмырзæйы мад Саса та, немыц ма Джызæлы куы уыдысты, уæд хъæуы иннæ цæрджытимæ йæ кæстæртимæ хъæдмæ алыгъд. Иуахæмы Саса сфæнд кодта сусæгæй хъæумæ ныццæуын – сывæллæттæн хъарм дзаума хъуыди, æрæгвæззæджы уазалтæ райдыдтой, стæй сæм хæринаг дæр нал уыди. Ус хъæугæронмæ куыд æрхæццæ, афтæмæй йыл дзæгъæл нæмыг суад, æмæ уым ахаудта, мæлæтдзаг цæф рауади. Уый фæстæ, немыцы куы асырдтой, уæд æй нæхиуонтæ ссардтой, фæлæ нæ зыдтой, чи уыди, уый, цалынмæ йын йæ дзыппы йæ иннæ фырт Керымы фыстæг æмæ къам ссардтой, уæдмæ. Керым йæхæдæг уыди танкист, фæмард Венгрийы 1945 азы 5 майы.

Тæригъæддаг рауади, Бечмырзæ фенынмæ тынг кæмæ бæллыди, йæ уыцы гыццыл чызг Зæлинæйы хъысмæт дæр – немыцæй куы бамбæхстысты, уæд саби хъæды зын уавæрты фæрынчын æмæ нал сдзæбæх.

Бечмырзæ хæстмæ куы цыд, уæд цы бинонтæ ныууагъта, уыдонæй ма сæййæфта æрмæст йæ чызг Тамарæйы (1938 азы гуырд) æмæ йæ бинойнаг Верычкæйы.

Хæсты фæстæ ма Бечмырзæ æмæ Верычкæйæн райгуырди лæппу Цæра. Уый сахуыр кодта агрономыл, бирæ азты фæкуыста совхоз «Первомайский»-ы, йæ бинойнаг Епхиты Светæимæ цары рауагътой хорз цот – лæппу Сослан æмæ чызг Земфирæйы, дыууæйæ дæр райстой уæлдæр ахуырад, кусынц сæ дæсныйæдтыл æнтыстджынæй. Сæ фыдыхо, Бечмырзæйы чызг Тамарæ, фæкуыста дæндæгты дохтырæй, уыди дæсны специалист, фæлæ 55-аздзыдæй фæрынчын æмæ йе 'цæг дунемæ ацыд.

Афтæ рауади мæ дзæбæх мады 'рвад, хъæбатыр хæстон æмæ удыхъаруйæ фидар, фæлæ зæрдæрыст æмæ хъысмæты карз цæфтæй æфхæрд Дауыраты Бимболаты фырт Бечмырзæйы цардвæндаг. Æвæццæгæн, а зæххмæ алы адæймаг дæр рацæуы йæхи амонд, йæхи хъысмæтимæ.

Бечмырзæ йæ цардæй ахицæн 1979 азы.

**АДЕТЫ Сослан,**
**Джызæл**

## Спортивон фидиуæг



### Лæгæй-лæгмæ тохтæ

# Тырнынц ног уæлахизтæм

**Дзæуджыхъæуы, Хъуылаты Бадзийы номыл спортивон галуан «Манеж»-ы ивгъуыд къуыри лæгæй-лæгмæ спортивон тохты фараст хуызæй цыдысты гом республикон ерыстæ æрыгæтты 'хсæн. Сæ кармæ гæсгæ спортсментæ дихгонд уыдысты æртæ къордыл: 9-11,12-14 æмæ 15-17-аздзыдтыл.**

Ерысты, РЦИ-Аланийы лæппутæ æмæ чызджытæй уæлдай, архайдтой Кæсæг-Балхъары, Цæцæны, Хуссар Ирыстоны республикæты æмæ Стъараполы крайы спортсментæ.

Нæ республикæйы ахæм ерыстæ цыдысты æвддæсæм хатт, æмæ дзы архайдтой 850 æвзонг æмæ æрыгон спортсментæ. Уыдон сæ дæсныйад æвдыстой киокусинкай, айкидо, каратэ, ситарю, къах-къухтæй тохты дыууæ хуызæй, тайскаг бокс, джиу-джитсу æмæ кикбоксингæй.




Ацы ерыстæ æвддæс азы размæ арæзт æрцыдысты Уæрæсейы Лæгæй-лæгмæ æфсæддон тохты федерацийы цæгатирыстойнаг филиал æмæ РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрады фæндонæй æмæ систы æрвылазон. Æвддæс азы дæргъы спорты ацы хуызæй Ирыстоны сырæзтысты сæдæгай спорты мастертæ.



РЦИ-Аланийы лæгæй-лæгмæ тохты федерацийы æххæстгæнæг директор Цæлыккаты Руслан ирыстойнаг филиалы сырæзты тыххæй загъта: «Нæ филиалы сырæзтмæ стыр æвæрæн бахаста Мамсыраты Таймураз. Уый нæм кæдфæнды дæр йæ цæст дардта, æмæ нæ фæсивæдæн уый уыди ныфсы хос. Анапæйы ацы кары спортсментæн цы æрвылазон Æппæтуæрæсеон фадæттæ алцæмæй æххæст нæ вæййынц, фæлæ уæддæр нæ хъомылгæнинæгтæ сæхи сæрæнæй равдисынц. Нæ лæгæй-лæгмæ тохты алы хуызтæй цы лæппутæ æмæ чызджытæ фæхæцынц, уыдоны сæ хъомылгæнæг тренертæ, спортæй уæлдай, разæнгард кæнынц ахуырхъæзтытæ вæййы, уым нæ республикæйы иугонд командæ æдзух уыди раззагдæртимæ. Уый дзурæг у, семæ хорз хистæртæ кæй кусынц, ууыл. Кæй зæгъын æй хъæуы, æппынæдзух æмæ æгъдауыл æнувыд уæвыныл. Мах нæ хæсыл нымайæм нæ хъомылгæнинæгты царды раст фæндагыл аразын. Стыр бузныг вæййæм сæ ныййарджытæй. Бирæтæ дзы се 'ххуысы хай бахæссынц, æндæр рæттæм нæ ерыстæм цæуын куы бахъæуы, уæд. Нæ абоны ерысты нæм æндæр рæттæй чи 'рбацыд, уыдонæй мах стæм бузныг, уымæн æмæ уыдонимæ ерыс кæнын нæ хъомылгæнинæгтæн у пайдайы хос».

Ерыстæ æртæ кары дæр рауадысты цымыдисаг. Фараст хуызæн дæр уыди йæхи сусæгдзинæдтæ æмæ æнæнхъæлæджы фæзындтытæ. Уыцы тохты æвзонг спортсментæ цы тырнындзинад æвдыстой, уый дзурæг у, се 'хсæн фидæны спорты стъалытæ кæй сырæздзæн, ууыл.

Ерысты сæйраг тæрхонгæнæг Гæцойты Эльбрус йæхæдæг дæргъвæтин рæстæг фæкуыста æмæ абон дæр кусы тренерæй æмæ нын радзырдта: «Кæстæртæ сæхи, спортивон цæттæдзинадæй уæлдай, æгъдауыл куы дарой, уæд уый у сæ хъомылгæнджытæн Хуыцауы лæварау. Мæнæ нæм ацы хатт дæр та 'рбацыдысты сæ арфæтимæ нæ раздæры хъомылгæнинæгтæ. Уыдонæй бирæтæ абон сæхæдæг сты ныййарджытæ æмæ зæрдиагæй фæцин кæнынц, нæ абоны кæстæртæ сæхи хорзæй куы равдисынц, ууыл. Нæ абоны ерысты кæд 1-аг æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ ис, уæддæр мах се 'ппæты дæр нымайæм рамбулджытыл. Уый та уымæн æмæ, цы спорты хуызы сæхи бавзæрстой, уый сын уыдзæн пайдайы хос, цы – æфсады службæгæнгæйæ, цы – царды æндæр фæндæгтыл цæугæйæ. Ныр махæн нæ тренертимæ равзарын хъæудзæн, сентябры Анапæйы цы 18-æм Æппæтуæрæсеон хъæзтытæ цæудзысты, уым нæ республикæйы номæй чи архайдзæн, уыцы лæппутæ æмæ чызджыты. Уыдоны бацæттæ кæнын хъæудзæн афæдзы сæйраг ерыстæм. Фæнды нæ, цæмæй та нæ республикæйы командæ, раздæрау, суа ерысты уæлахиздзау».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Ахуырад

# Номарæн æмбырд



**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты ацыд зындгонд персайнаг поэт, мидисджын историон поэмæ «Шахнаме»-йы автор Хаким Абулькасим Фирдоусийы номарæн æмбырд.**

Амынд ахуыргæнæндоны, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ, стæй Иранæй æрбацæуæг уазджытæ кæм архайдтой, ахæм дзыллон мадзал ацыд университеты наукон библиотекæйы бæстыхайы раз æвæрд поэты цыртдзæвæны цур. ЦИПУ-йы Ирайнаг культурæйы центры директор Сохиты Мæдинæ бафиппайдта адæмты иугæнæг зындгонд поэты сфæлдыстадон бынты ахадындзинад.

– Национ хæдбындурдзинад бахъахъхъæнынæн æмæ, персайнаг æвзаджы æндидзынадæн ахъаз чи кодта, абон мах ноджыдæр ма иу хатт уыцы зындгонд поэт Фирдоусийæн кад кæнæм. Уæвгæ, дзырд «Фирдоуси» персайнаг æвзаджы амоны дзырд «дзæнæт». Пысылмон дины дæр ацы дзырд амоны дзæнæты æппæтæй ирддæр æвдисæн. Ацы æууæл нымайгæйæ, Фирдоуси уарзондзинад, сæрибардзинад æмæ цардархайды тыххæй кæй фыста, уыцы æмдзæвгæтæ адæймагмæ æвзæрын кæнынц рæсугъд æнкъарæнтæ, – загъта Сохиты Мæдинæ.

Дзыллон мадзалы раныхасгæнджыты 'хсæн уыдысты ахуыргæнæндоны историон æмæ ирон филологийы факультетты декантæ Плиты Зæлинæ, Гуытъиаты Эльмирæ, театралон аивады кафедрæйы разамонæг Æлбегаты Алан, актер Цæриаты Валери æмæ æндæртæ.

ЦИПУ-йы историон факультеты студенттæ «Шахнаме»-йæ скъуыддзæгтæ бакастысты ирон, Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты студенттæ та – таджикаг æвзæгтыл. Фæстагмæ æмбырды архайджытæ поэты цыртдзæвæныл дидинджытæ сæвæрдтой.

Дзыллон мадзалы фæстæ Цæгат Ирыстоны Истори æмæ археологийы институты кусæг Темыраты Таймураз персайнаг æмæ ирон æвзæгты лексикон æнгæсдзинæдты тыххæй бакаст лекци.

**ЦИПУ-йы пресс-службæ**

## Киноаивад

# Бузны фыстæджытæ райстой

**Кæсæг-Балхъары ацæуæг Цæгат Кавказы «Кинокавказ-2026» фæсивæдон кинофестиваль æхгæныны кадæн арæзт æмбырды рæстæг не 'мзæххонтæ ЧЪЕРДЖИАТЫ Индирæ æмæ БИТАРТЫ Ангелинæйæн раттой амынд республикæйы культурæйы министр æмæ Налцыччы администрацийы сæргълæууæджы Бузны фыстæджытæ.**



Не 'мзæххон сылгоймæгтæн хæрзиуджытæ саккаг кодтой Цæгат Кавказы кинематографы райрæзтмæ аккаг æвæрæн бахæссыны, стæй регионты 'хсæн культурон ахастдзинæдтæ аразыны хъуыддаджы разæнгардæй архайыны тыххæй. Æрыгон режиссерты куыстытæ иртасæг Чъерджиаты Индирæйы бахастой фестивалы жюрийы уæнгты номхыгъдмæ, Битарты Ангелинæ та хуынд раныхасгæнæджы уагæй фестивалы архайджытæн бакаст лекци «Каждый сам себе продюсер. Шаг за шагом – к цели».

Кинематографийы æппæтуæрæсеон паддзахадон институт (ВГИК) каст-фæуæвæг, киноиртасæг æмæ документалист Индирæ дзæвгар рæстæг бакуыста Цæгат Кавказы кинохроникæйы студийы, систа кинонывтæ «Зори Кавказа», «Кандагар. Пятая рота», «Еще раз о войне и мире». Ангелинæ у сценарист, систа æфсæддон драмæ «Выжить нельзя погибнуть» (ацы кинонывæн саккаг кодтой уæрæсейаг фестивальты дыууæ Гран-прийы) æмæ документалон киноныв «Нарты. Театр вопреки».

**ХУАСДЗАУТЫ Алинæ**

## Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Мæлын никæй фæнды

**Æмбисондæн афтæ баззад: а бæстыл, дам, цасфæнды куы фæцæрай, уæддæр мæрдтæм цæуын никæй фæнды, уымæн æмæ мæрдты хур нæй, æмæ æнæ хур зын у.**

Иу ус æмæ лæг æнустæм адджынæй фæцардысты, фæлæ алцæмæн дæр йæ афон ис. Иу бон лæг æруатон æмæ нæ сыстад. Ус æм бацыд, фæрсы йæ, цæуылнæ, дам, стыс? Мæ афон, дам, æрцыд не 'фсин, удхæссæг мæм æнхъæлмæ кæсы, тагъд, дам, мæ кæнгæ кæндзæн.



Ус ын ныфсытæ авæрдта: «Ма тæрс, цæмæн старстæ, фæлтау мæн куы акæнид». Лæг æм дзуры: «Хъуыды ма кæныс, иу хатт дын рæсугъд хъулон къаба куы балхæдтон... Кæм дын ис?" Сылгоймаг дзуапп ратта: «Æвæрд мын у».

Лæг йæ усмæ дзуры: «Скæн æй мæ хатырæй». Скодта ус йæ къаба, уый фæстæ та дзы йæ рæсугъд туфлитæ бацагуырдта, уый фæстæ та – рæсугъд сæрбæттæн. Сылгоймаг æппæт уыдæттæ йæ уæлæ скодта.

Фæстагмæ лæг дзуры, ныр ма дæ былтæ дæр сахор æмæ мæ цуры 'рбад.

Сылгоймаг йæ фарсмæ 'рбадт, фæлæ йæхи мидæг хъуыды кæны, ома, нæ лæгæн йæ сæр нал кусы... Афарста йæ, ома, нæ лæг, афтæ мын цæмæ скæнын кодтай. Уæд æм лæг дзуры: «Удхæссæг нæм æнхъæлмæ кæсы æмæ, куы 'рбацæуа æмæ дæ афтæ рæсугъдæй куы фена, уæд, чи зоны, ды фæцæуай йæ зæрдæмæ, æмæ дæу акæна мæ бæсты».

Ус ма иучысыл абадт йæ цуры, цæйдæр æфсон йæхи æддæмæ асайдта æмæ уайтагъддæр йæ дзаумæттæ аивта. Уæдæй фæстæмæ фæзæгъынц: а бæстыл цасфæнды дæр фæцæр, уæддæр мæлын никæй фæнды...

**ДЗЕБЫСАТЫ Георги,**
**Джызæлы цæрæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Сезонная, омолаживающая, формирующая и санитарная обрезка всех плодовых культур. Консультации по внесению конского перегноя. Работает профессионал! Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-956-90-83 (Руслан).**

Номыры радхæссæг редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацииты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацииты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2753. Заказ № 512. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**